

## Beth Israel Deaconess Hospital – Milton

### Plan Estratejik pou Ekite nan Sante

Beth Israel Deaconess Hospital – Milton (BID Milton) fè pati Beth Israel Lahey Health (BILH), yon sistèm swen sante konplè ak gwo valè ki twouye li nan Boston, nan lès Massachusetts ak nan sid New Hampshire. Sistèm nan, ki te kreye an 2019, gen 14 lopital, 23 enstalasyon anbilatwa, 4,700 doktè, 9,000 enfimyè, epi sèvi plis pase 1.7 milyon pasyan. BILH se dezyèm pi gwo sistèm swen sante nan Commonwealth la ak 36,000 anplwaye.

Beth Israel Deaconess Hospital-Milton se yon lopital kominotè ki gen 102 kabann yo otorize, ki ofri Sèvis Ijans 24 sou 24 (Harvard Medical Facility Physicians asire) ak yon gwo gam sèvis chiriji ospitalyè ak anbilatwa, tès dyagnostik ak lòt sèvis epi espesyalite pou kominote li a epi pi wo. Ak yon Pèsonèl Medikal ki gen plis pase 700 founisè ki akredite, pandan ane fiskal 2023 lopital la te genyen:

- Plis pase 36,000 Vizit nan Sèvis Ijans yo ak 5700 sòti pasyan ki ospitalize
- Anvirwon 5000 entèvensyon chirijikal (entèn/ekstèn konbine) ak plis pase 6600 pwosedi endoskopik.
- Nnan sa ki konsène tès/sèvis anbilatwa yo, total la rive anviwon 169,000 (lè n retire sèvis laboratwa yo - ki t ap ajoute anviwon 500,000 tès chak ane).

### Kijan BID Milton defini Ekite nan Sante

BILH angaje 1 pou pasyan yo resevwa swen ak rezulta ki pi ekitab posib, kèlkeswa kote pasyan yo kòmanse oswa ap kontinye vwayaj swen sante yo. Apwòch BILH sou Divèsite, Ekite ak Enklizyon (DEI) inik paske ekite nan sante nan sant tout travay la - atravè talan, swen pasyan, kominote, ak rechèch epi inovasyon. Apwòch fondamantal sa alafwa delibere ak esansyèl; sèl fason pou fè pwogrè siyifikatif nan elimine diferans nan aksè, eksperyans swen an, ak rezulta sante atravè sistèm sante a twouye li atravè yon seri estrateji konplè ki entegre rechèch ak inovasyon, prestasyon swen ak sipò pou ekip swen yo, ak angajman kolaboratif ak kominote ki antoure yo.

Beth Israel Deaconess Hospital-Milton aliyen definisyon ekite nan sante li a sou sa tout sistèm BILH la.


### **Apèsi sou Objektif Ekite nan Sante BID Milton yo Pandan Kat Pwochen Ane yo**

BID Milton antanke manm BILH pataje objektif sistèm nan, nan fè avanse vizyon 1 sou DEI a nan transfòme prestasyon swen yo nan demonte baryè ki genyen nan rezulta sante ekitab epi nan vin premye sistèm sante k ap atire, kenbe, ak devlope talan divèsyife. Gen twa objektif prensipal ki sipòte vizyon sa ki pral pèmèt BILH/BID Milton mezire pwogrè yo alontèm.

- Talan: nou vize pou gen yon mendèv ki reflete divèsite k ap ogmante nan kominote BILH ap sèvi yo, nan mete aksan sou reprezentasyon nan wòl lidèchip ak sèvis swen.
- Pasyan: nou vize elimine diferans ki genyen nan rezulta sante nan divèsite popilasyon pasyan nou an.
- Kominote: nou vize pou elaji envestisman nan kominote ki manke reprezante istorikman pou redui eka sosyo-ekonomik ki afekte sante popilasyon an.

Pou operasyonalize objektif sa yo, BILH te devlope yon Bwat zouti pou Developman Kapasite DEI ki bay kad pou lopital ak inite klinik li yo pou aplike inisyativ estratejik DEI yo. Bwat zouti a, jan sa endike anba a, gen ladan sis kapasite espesifik pou mendèv la, uit kapasite espesifik pou ekite nan sante, ki pral mete aksan sou plan estratejik sa a, ak twa kapasite espesifik pou divèsite founisè yo.

#### Kad Developman Kapasite DEI



Anplis alien sou BILH la nan sa ki konsène reyalizasyon yo swete yo, domèn priorité, ak aplikasyon novo pwoesis travay ki revize yo, BID Milton sou baz enfòmasyon ki anba yo, ap chèche atenn objektif sa yo pandan kat pwochen ane yo:

#### Aksan sou Sante Kominotè:

Jiskaske lopital la repeète Evelyasyon Bezwè Sante Kominotè li a (CHNA) nan lane 2025, BID Milton kontinye travay sou amelyorasyon sante kominotè a pou kòwòt priorité yo idantifye yo; espesyalman, jèn yo, moun andikape yo, moun aje yo, popilasyon yon fason rasyal yo, yon fason etnik ak lenguistik divès menm jan ak popilasyon ki gen resous ki fèb. Domèn priorite nou yo nankad ekite nan sante gen ladann aksè ekitab ak swen, detèminan soyal lasante yo, sante mantal ak toksikomani menm jan ak maladi konplèks ak kwonik yo.

Yo abòde yon fason oubyen yon lòt kesyon yo idantifye nan BID- Milton CHNA a nan IS lopital la (Dokiman Estrateji Aplikasyon) epi yo se pwoblèm lojman, ensekirite alimantè, transpò, ensekirite ekonomik, navigasyon nan resous Detèminan Sosyal Lasante yo (SDOH), ranfòsman kapasite mendèv fournisè yo, baryè ki lye ak depans epi asirans yo, sante mantal, estrès, anksyete, depresyon, izolasyon, estigmatizasyon sante mantal, rasis/ diskriminasyon, sèvis sante ak kominotè ki kiltirèlman apwopriye/konpetan, sansibilizasyon/ angajman sible nan kesyon DEI yo, divèsifikasyon lidèchip, aksè lenguistik/ baryè ak resous/sèvis kominotè yo, pwogram tretman ki genyen/trete sante mantal ak pwoblèm toksikomani ki rive souvan/mezizaj, sansibilizasyon/edikasyon/prevansyon toksikomani, soutyen ak moun k ap bay èd yo, epi prevansyon/tretman konsomasyon alkòl.

Objektif entèvansyon (jan sa dekri nan Dokiman Estrateji Aplikasyon CHNA Ane Fiskal 2023 - 25 lan); yo te elabore ak aplike aksyon espesifik pou chak objektif, yon fason konfòm ak lis sila a:

- Fè pwomosyon swen ekitab, ekite nan sante, kilti sanitè, ak imilite kiltirèl pou pasyan yo, espesyalman sila yo ki ap konfwonte **baryè kiltirèl ak lenguistik**. Nan asosye 1 ak sèvis entèpretasyon yo ak Komite DEI BID Milton nan.
- Fè pwomosyon aksè ak swen sante, asirans sante, konseye finansye pou pasyan yo, ak pou medikaman ki nesesè pou pasyan ki **pa asire oswa ki pa ase asire yo**.
- Bay ak fè pwomosyon sèvis èd pou karyè ak pwogram mobilite pwofesyonèl pou anplwaye lopital yo.
- Soutni pwogram ak inisyativ kominotè ki efikas ki abòde kesyon ki lye ak detèminan soyal lasante yo.
- Soutni pwogram ki stabilize oswa kreye aksè ak lojman ki abòdab.
- Soutni edikasyon, sistèm, pwogram, ak chanjman anviwònmantal pou amelyore alimantasyon sen ak aksè ak manje sen epi ki abòdab.
- Ogmante posiblite mantora, fòmasyon ak anplwa pou ogmante anplwa ak revni epi amelyore sekirite finansye jèn yo, jèn adilt yo, ak adilt rezidan nan kominote yo.
- Soutni patenarya ak founisè transpò rejyonal yo ak patènè kominotè yo pou amelyore aksè ak transpò abòdab epi san risk.
- Patisipe nan kowalisyon kominotè miltisektoryèl pou reyini pati ki entèrese yo pou idantifye ak pwone chanjman nan nivo politik, sistèm ak anviwònman pou atake detèminan sosyal lasante yo.
- Soutni pwogram ki efikas ki favorize devlopman sen, soutni timoun yo, jèn yo, ak fanmi yo, epi ranfòse rezilyans yo, kapasite adaptasyon yo, ak konpetans yo nan kad prevansyon.
- Ranfòse kapasite manm kominote a pou konprann enpòtans sante mantal ak toksikomani, epi redwi estereyotip negatif, prejije ak estigmatizasyon ki lye ak maladi mantal epi ak twoub ki lye ak toksikomani.

- Patispe nan kowalisyon kominotè miltisektoryèl pou reyini pati ki entèrese yo pou idantifye ak pwone chanjman nan nivo politik, sistèm ak anviwònman pou ogmante rezilyans, redwi konsomasyon sibtans lakay jèn yo, epi fè prevansyon kont ovèdoz ak lanmò akoz opyoqid.
- Bay aksè ak sèvis sante mantal ak toksikomani kalite siperyè epi ki adapte ak kilti epi ak lang lan atravè depistaj, swivi, konsèy, navigasyon, ak tretman.
- Atake 1 ak baryè ak depistaj kansè ak maladi kronik ak swen swivi nan tan favorab gras ak sèvis navigasyon ki adapte ak kilti epi pwogram inovatè yo.
- Bay enfòmasyon, sèvis, ak soutyen nan kad sante preventif pou moun ki prezante yon risk maladi konplèks ak/ oswa kronik epi soutni pwogram tretman ak otojesyon maladi kronik ki fonde sou enfòmasyon ki fyab.
- Asire moun aje yo gen aksè ak swen sante kowòdone, ak sèvis soutyen, epi ak resous ki favorize sante global ak kapasite vyeyi sou plas.

#### Repons BID Milton ak Egzijans Reglemantè/Akreditasyon/ak Pèman Antite Amelyorasyon Kalite

BID Milton rekonèt nòm antite ekstèn yo, kondisyon patispasyon, règlemantasyon, pwogram pèman pou pèfòmans epi pi bon pratik ka an pati motive elan an favè ekite nan sante ak DEI a ki gen ladann san li pa limite ak sa:

- Sant pou Medicare ak Medicaid
- Mass Health
- Peyè Asirans Komèsyal
- Komisyon Miks
- Leapfrog

Konfòmite ak pèfòmans optimal estrateji/pratik yo idantifye yo enpòtan pou asire non sèlman pwomosyon objektif BID Milton nan kad Ekite nan Swen Sante ak DEI a men tou pou demonstre yon repitasyon favorab ak pèfòmans nan kad ranbousman.

#### **Vwa Manm yo ak Kominote yo nan BID - Milton**

BILH entegre vwa manm MassHealth yo ak kominote a nan planifikasyon estratejik ekite nan sante ak jefò aplikasyon li atravè divès komite ak gwoup travay ki gen rapò ak ekite nan sante li yo, jefò sansibilizasyon pasyan yo, gwoup ki konsantre sou pasyan yo, sondaj peryodik sou eksperyans pasyan yo, entèvyou patnè kominotè yo, kòmantè konsiltatif pasyan/fanmi yo, ak pasyan konplè ak evalyasyon bezwen sante nan kominote a.

Jan sa te endike avan, BID Milton an plis objektif sistèm BILH la ki mete an evidans, ap chèche aktyèlman epi prevwa alavni elaji vwa manm lopital yo ak kominote a nan efò planifikasyon estratejik ak aplikasyon li yo nan kad sante, nan (san sa pa esklizif):

- Aplikasyon laj kolaborasyon/patenarya, pwogram, ak estrateji kominotè yo dekri an detay nan evalyasyon bezwen sante kominotè li a (CHNA).
- Reponn kòmantè pasyan yo atravè ankèt ak kòmantè sou eksperyans pasyan yo ak/oswa sila yo ki te resevwa ak enkli nan kad pwosedi règleman plent lopital la.
- Enplike founisè swen lopital ak kominotè yo nan fowòm/komite yo kote sijè sa yo diskite, tankou PFAC, Amelyorasyon Kalite Swen Sante, Avi sou Avantaj Sosyal yo (CBAC), ak komite DEI yo.
- Fasilite retou enfòmasyon anplwaye yo epi reponn avè l atravè kèk metòd ki gen ladann men ki pa limite ak sa, ankèt sou angajman anplwaye yo ak kilti sekirite, patisipasyon nan komite sou ekite nan sante/DEI, ak posiblite sesyon edikasyon/fòmasyon ki pa janm kanpe, elatriye.
- Pwosesis evalyasyon ki pa janm kanpe konpetans anplwaye yo ak retou enfòmasyon sou evalyasyon anplwaye yo.
- Planifikasyon opòtinite amelyorasyon pèfòmans, aplikasyon estrateji yo, ak evalyasyon.
- Egzamen pratik swen yo ak rezulta espesifik ak mezi pèfòmans Mass Health ak Peyè Komèsyal yo.

CNHA 2022 lopital la fè pati total efò BID Milton yo nan kad sante popilasyon an ak angajman kominotè. Li bay enfòmasyon vital yo itilize pou asire sèvis ak pwogram BID Milton bay yo sible yon fason kòrèk, bay yon fason pou reponn ak bezwen abitan Zòn Sèvis Prestasyon Kominotè li a (Community Benefits Service Area, CBSA) epi reponn ak bezwen kominote li a ki pa satisfè yo. Evalyasyon sa, menm jan ak pwosesis priyorizasyon ak planifikasyon ki asosye avèk li yo, konstitiye tou yon opòtinite krisyal pou BID Milton angaje kominote a ak ranfòse patenarya kominotè ki esansyèl ak siksè BID Milton jodi a epi alavni.

Evayasyon sa mobilize plis pase 600 moun nan tout CBSA, tankou responsab lokal sante piblik yo, founisè sèvis klinik ak sosyal yo, òganizasyon kominotè, premye entèvenan (polis, ponpye, anbilansye), chèf reliye, lòt reprezantan gouvènman ak abitan kominote a. Pwosesi ki aplike pou reyalize evalyasyon bezwen sante kominotè a (CHNA) ak elabore Estrateji Aplikasyon (IS) ki asosye montre lespri kolaborasyon ak angajman kominotè ki se yon eleman esansyèl nan misyon BID Milton. Finalman, rapò sa pèmèt BID Milton satisfè ak egzijans federal yo epi Commonwealth nan kad benefis kominotè, jan Entènal Revni Sèvis Federal la mande sa, nan kad Affordable Care Act, Biwo Jeneral Pwokirè Massachusetts la, ak Depatman Sante Piblik Massachusetts.